# EKI XALIQTIŃ ERKE QIZI ÁDEMI

# (1939-2025)

Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı

"Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler kafedrası"

Kórkem ónertanıw qániygeligi

3-kurs studenti **Muratbaeva Rayxan**

Ilimiy basshı: **Kamalova G. M.**

**Annotaciya:** Bul maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti singen artist, Qaraqalpaqstan xalıq artistı, Qaraqalpaq hám Qazaq xalqınıń muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwına úles qosqan saxna juldızı Ádemi Siskenova haqqında maǵlıwmat beriledi.

**Tayanısh sózler:** Qazaq xalqı, mádeniyat, konsert, qosıq, saxna, mádeniyat kúnleri, xalıq qosıqları.

**Аннотация:** В данной статье представлена информация о Народной артистке Каракалпакстана, Заслуженной артистке Республики Каракалпакстан, звезде сцены Адеми Сискеновой, внесшей вклад в развитие музыкальной культуры каракалпакского и казахского народов.

**Ключевые слова:** казахский народ, культура, концерт, песня, сцена, дни культуры, народные песни,

**Annotation:** This article provides information about Ademi Siskenova, Honored Artist of the Republic of Karakalpakstan, People's Artist of Karakalpakstan, and stage star who contributed to the development of the musical culture of the Karakalpak and Kazakh peoples.

**Key words:** Kazakh people, culture, concert, song, stage, days of culture, folk songs,

Kóńilimniń sazı

Kónderimniń jazı

Qayda júrsiń
Ádem-aw
(Bákir Tájibaev)



Mádeniyat tarawınıń qaysı qániygeligi bolsa da ańsatı joq. Sonıń ishinde teatr degenimiz birneshe ónerdiń basın biriktirip uslap turǵan óz aldına bir dúnya. Teatrdı ulıwmalastırıp aytqanda mádeniyat tarawında jumıs islep óz ornın tabıw ushında insannıń ózinde muzıkaǵa degen joqarı qábiliyet hám qızıǵıwshılıq qásiyeti bolıwı kerek. Usınday jaqsı qásiyet hám sheberlikti óz boyında jámlegen insan, oynaǵan rólleri menen tamashagóyler kewlinen orın alǵan saxna juldızı Qaraqalpaq hám Qazaq xalqınıń súyikli perzenti.

Siskenova Ádemi Dilxan qızı 1939-jılı 11-aprel ayında Gureev aymaǵı Baqsay awılında tuwilg'an. Ol kishkeneliginen qosıq aytıwǵa qattı qızıg'adı. Qosıq aytıwdı 5 klasınan baslaǵan Ádemi zavodta Teńizge shıǵıp balıqshılarǵa konsert beretuǵın qosıqshılar quramında bolıp usılay etip Ádemi Siskenova muzıka tarawına kirip keledi. Onıń ata-anası jergilikli balıqshı, miynetkesh, insanlar boladı. Ádemi 6 jasına kelgende anası dúnyadan ótip 11-12- jasına shekem ákesine kómekshi bolıp keyin úlken ájesiniń qolında 1956-jıldan 1960-jılǵa shekem jumıs isleydi.

Qosıq aytıwdı 5 klasınan baslaǵan Ádemi zavodta Teńizge shıǵıp balıqshılarǵa konsert beretuǵın qosıqshılar quramında boladı. Bul maǵlıwmattıń dálili sıpatında 1960-jılı "Ayawlı jandar" degen kitapqa qosıq aytıp turǵan súwreti shıǵıp, jaslayınan ataqlı Roza Baǵlanovaǵa eleklep sol sıyaqlı tanıqlı qosıqshı bolıwdı árman etedi.

1960-jılı kombinat tárepinen arnawlı jollama menen Qaraqalpaqstannıń Moynaq rayonındaǵı balıq konserva kombinatına tájireybe almasıw ushın jiberilip jumıs penen birgelikte Ádeminiń dawsınıń shıraylılıǵın esitken kombinat direktorı oǵan kombinat atınan fistevalǵa qatnasıw usınısın bildiredi. Ádemi Siskenova bul usınısqa ırazılıq beredi hám fistevalda kózge túsip sıylı I- orındı alıwǵa miyassar boladı, Solay etip I-orındı alǵan

qatnasıwshılarǵa Nókiste bolıp ótetuǵın fistevaldıń ekinshi basqıshına qatnasıwǵa jollama beriledi. Bul kórik tańlawda qatnasıp ta joqarı náteyjege erisken Á. Siskenovaǵa Qaraqalpaqstan Respublikası basshılarınıń tárepinen elde qalıp kórkem ónertanıwshılar awqamına tiykar salıp, jumısın dawam etiwdi usınıs etedi. Ádemi Dilxan qızı baslaǵan kórkem ónertanıwshılar quramı xızmetkerlerine balıqshılarǵa, paxtakeshlerge qosıq aytıp awıl hám qalalarda konsertler shólkemlestirip Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Nókis qalasında hám Ózbekstan Respublikasınıń Tashkent qalalarında ótkerilgen birneshe konsert kesheleri jáne de dekadalarǵa qatnasıp joqarı jetiskenliklerge erisedi. Ónerli qızdıń miynetin qádirlegen Qaraqalpaq eli qosıqshını qosıq- ayaq oyın ánsambline mirat etip keyin Qaraqalpaqstan filarmoniyasına shaqırıp baslaydı. Bunnan basqa da  Moldaviya, Ukraina, Belarusiya, Kavkaz ellerin Qırǵızıstan, Túrkimenstan, Tájigistan, Tatarıstan Ózbekstan, Bashǵurdistan Respublikalarına konsertler shólkemlestirip ayanbay xızmet etken xosh hawaz iyesi Ádemige Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat menistirligi “1965-jılı Qaraqalpaq ASSSR ine miyneti singen artist”, “1967-jılı Qaraqalpaq ASSSR nıń xalıq artistı” ataǵın beredi.

1969-1971-jıllar aralıǵında Qaraqalpaqstannan qosıqshılar awqamı Qazaqstan Respublikası Gureev aymaǵında bolıp ótetuǵın gastrol saparına kelip Sol waqıtları Ádemi Dilxan qızı jergilikli basshılardıń kózine túsip olar tuwılǵan jerde jumıs islewge usınıs bildirip qosıqshı qızdı alıp qalıw ushın háreket etedi. Mine sol waqıttan baslap birinshi gezekte filarmoniyada keyin teatrda jumıs islep baslaydı. Atraw qalası Maxambet atındaǵı qazaq drama teatrında kóplegen spektakllerde bas róllerdi oynap gastrol saparları menen aylap júrip batıs táreptegi mámleketlerdiń barlıǵın aralap spektakller qoyıp házirgi kúnge shekem saxnadan túspey tamashagóyler kewlinen tereń orın iyelegen. Onıń kóplegen rólleriniń ishinde eń tanımalısı Respublikalıq fistevalǵa qatnasıp teatr sınshıları tárepinen joqarı bahalanǵan. M. Áwezovtıń “Qaragóz” tragediyasındaǵı Mórjan rólin júda shıraylı túrde atqarıp bergen. Á. D. Siskenovaǵa 2011-jılı Qazaqstan respublikasınıń mádeniyat ǵayratkeri ataǵı beriledi. Tamashagóylerdiń sorawlarına iye, repertuarımızdaǵı E. Dombaevtıń “Ey qızdar-ay”, S. Axmattıń “super kelin” komediyalarında oynap júriwiniń ózi Á. Dilxan qızınıń xalıqtıń arasınan óziniń ornın tapqanlıǵınıń belgisi.

Ádemi Dilxanova Ózgeniń ózgeshe ónerine shın júregi menen quwana biletuǵın kishpeyil insan, Házirgi waqıttaǵı geybir insanlar arasında tarqalǵan kóre almawshılıq penen qızǵanısh sezimlerinen ulıwma jıraqtaǵı insan. Al ashıwlansa…. artınan nurın shashar kún sıyaqlı edi. Teatrda hár túrli qaharmanlar rólin sheber sáwlelendirip bergen insan. Ónerdi til emes, sezim biriktiredi.

Ádemi Dilxanova qaraqalpaq xalqınıń xosh hawaz qosıqshısı Gúlparshın Sırımbetova menen jas waqtınan baslap júdá jaqın dos boladı. Bul eki insannıń tanısıwı 1961-jılı Moynaqta Qaraqalpaqstan, Bashqurdistan respublikasınıń qosıqshılar jarısında birinshi márte kórisip sol waqıttan baslap jaqın dos apalı-sińli bolıp doslasıp ketedi. Sol jarısta Ádemi Dilxanova menen Gúlparshın Sırımbetovada birinshi orındı alıp keyin hár bayram hám jarıslarǵa birge qatnasıp júrgen.

Ádemi Dilxan qızınıń jaqın dostı bolǵan Gúlparshın Sırımbetovanıń ıqlasbenti Maxsut Qutlımuratov Gúlparshın apa dúnyadan kóz jumǵannan keyin onıń jaqın dostısı Ádemi Siskenovanı tabadı hám social tarmaqlar arqalı pikir almasıp turadı, Ádemi apanıń atqarıwshılıǵın jáne Gúlparshın Sırımbetovaǵa degen sıylasıǵın joqarı bahalap shayır Rawaj Otarbaevqa buyırtpa menen Ádemi Dilxan qızına arnap “Eki xalıqtıń erke qızı Ádemi” atamasındaǵı qosıq qatarların dóretedi.

**EKI XALIQTIŃ ERKE QIZI ÁDEMI**

Birew Ádima der, birew Ádemi,
Gureevten baslanǵan qızsań qádemi,
Sizge arnap jazǵan mınaw qosıǵım,
Qaraqalpaqtıń shın kewilden sálemi.

Teńiz benen sırlas ósken sulıw qız,
Qosıqları qıs kúninde jılıw qız,
Ról oynap shıqqan gezde saxnaǵa,
Jan sezimi, túrli túske burıw qız.

Ilxam berip Baǵlanova Roza,
Jetistińiz shın ónerge qol soza,
Atırawda silkindirip saxnanı,
Aqınlar qálbinde boldıńız “muza”.

Teatr- ómirde ıǵbal, baxtıńız,
Asa baylıǵıńız, tapqan taxtıńız,
Eliw jıl jarqırap, sırlı saxnada,
Xalıq sizdi, siz xalıqtı taptıńız.

Eki xalıqtıń erke qızı Ádemi,
Qutlı bolǵan eki elde qádemi,
Xızmetińiz tawıp búgin izettin,
Jarasıp tur eki eldiń sálemi.

**(Rawaj Otarbaev)**

Sonıń menen birge Siskenova Ádemi Dilxanovanıń teatr repertuarında 52-den aslam bas róller orın alǵan. Siskenova Ádemi Dilxan qızına kórkem- óner tarawındaǵı miynetleri ushın 2011-jılı “Qazaqstan Respublikasınıń mádeniyat ǵayratkeri” ataǵı berildi. Ádemi Dilxan qızı rayonnıń tanımalı insanları qatarında Qazaqstan insiklapediyasınıń hár jılı jarıq kórgen 4 jiynaǵına birneshe kitaplar menen jurnallarǵa shıqqan. Xalıq arasında keń tarqalǵan sózi B. Tájibaev, muzıkası E. Xasanǵalievtıń “Ádemi- aw” qosıǵınıń qaharmanı sıpatında el húrmetine bólengen insan.

Ádemi Siskenova Qazaqstan respublikasına qaytıp dóretiwshiligin dawam ettirip atırǵan waqtında onıń dóretiwshiligi sonday dárejede xalıqtıń júrek tórinen orın aladı hám Ádemi Dilxan qızınıń dawsına ashıq bolǵan Bákir Tajibaev “Ádemi-ay” atamasındaǵı qosıqtı jazadı. 1975-jılı Bakir Tájibaevtıń “Ana júregi” spektakli saxnalastırıladı, sol waqıtta baslı róldi yaǵnıy muǵallim “Gúljan” dı oynaw Ádemi Dilxan qızına tapsırılǵan, sol jılları Atıraw teatrı menen tıǵız shıǵarmashılıq baylanısta bolıp birneshe maqalalar jazǵan shayır, drammaturg Bákir Tájibaev “Ana júregi” spektakliniń saxnalastırılıwında

ózi basshı bolıptı solay etip spektakl barısında shayırdıń Ádemige degen sezimi oǵan arnap qosıq shıǵarıwǵa shekem alıp baradı. Sol waqıtları shayırdıń júregine tereń jetip barǵan bul qosıq házirgi kúnge shekem atqarılıp kelmekte.

Eki xalıqtıń erke qızı Ádemi Siskenova ómirin zaya jasaǵan joq Qaraqalpaq hám Qazaq muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwına salmaqlı úlesin qosıp keń jámiyetshilik aldında tanıldı, degen menen sum ájel onı 2025-jılı 22-sentyabr kúni 86-jasında alıp ketti.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – T. 2. – No. 3. – C. 270-273.

2. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – T. 2. – No. 10. – C. 818-821.

3. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – T. 2. – No. 7. – C. 22-24.

4. Begis P., Kamalova G. M. SÓNBES JULDIZ //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – T. 32. – No. 2. – C. 55-59.

5. Aysawle J., Kamalova G. M. SAHRA BÚLBÚLI ROZA QUTEKEEVA //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – T. 32. – No. 2. – C. 60-66.

6. Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – T. 2. – No. 10. – C. 880-884.

7. Segizbaeva G., Kamalova G. M. DEVELOPMENT OF THE ORCHESTRA OF MUSICAL INSTRUMENTS IN KARAKALPAKSTAN //Modern Science and Research. – 2023. – T. 2. – No. 10. – C. 875-879.

8. Niyazbaeva A. J., Kamalova G. M. CHANQOVUZ MUSIQA ASBOBI VA UNING TURLARI //Journal of Integrated Education and Research. – 2023. – T. 2. – No. 1. – C. 26-30.

9. Kamalova G. M. et al. QARAQALPAQTIŃ BAY MIYRASI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – No. 2. – С. 52-54.

10. Kamalova G. M., Axmetovna M. A. QOBIZ HÁM JIRAWSHILIQ DÁSTÚRLERIN SAQLAW //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т. 9. – No. 1. – С. 123-126.

11. Kamalova G., Akhmetovna M. A. THE LEGACY THAT HAS COME DOWN TO US AS "JETI ASIRIM" //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т. – No. 1. – С. 117-122.

12. Kamalova G. M. et al. ÓZBEKSTAN XALIQ BAQSISI ǴAYRATDIN ÓTEMURATOV //TADQIQOTLAR. – 2023. – Т. 25. – No. 1. – С. 40-42.

13. Kamalova G. M. et al. ÓZBEK MUZIKASINDA BALALAR FOLKLORI //Journal of new century innovations. – 2023. – Т. 39. – No. 2. – С. 85-87.

14. Ǵaziynexan, D., & Gulmaryam, K. (2024). ÁBDIJAPPAR MÁMBETOVTIŃ PEDAGOGIKALIQ ISKERLIGI. Ustozlar uchun, 64(1), 126-13